



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEPLWAMAN KREDI SOU BÒDWO SÈVIS  
ELEKTRISITE AK GAZ POU FANMI KI GEN REVNI BA YO**

***567 milyon dola disponib pou ede kliyan ki gen revni ba yo peye bòdwo sèvis  
piblik pase yo***

***Plis pase 327,000 fanmi New York ki gen revni ba pral benefisye dirèkteman***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pifò 567 milyon dola ki dedye pou ede kliyan sèvis elektrisite ak gaz ki gen revni ba yo pou peye bòdwo sèvis piblik pase yo pral reflete nan bòdwo mwa out kliyan yo. Pwogram asistans finansye a gen ladan yon pwogram kredi sou bòdwo nan kad COVID-19 nan tout eta a ki nan anviwon 557 milyon dola pou kliyan ki gen revni ba yo ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te adopte. Nan kad pwogram kredi sou bòdwo a, PSC te pwofite 250 milyon dola nan Bidjè Eta Adopte Ane Fiskal 2023 a pou mande konpayi sèvis piblik yo bay yon kredi inik pou kliyan ki enskri nan Pwogram Aksesibilite nan Enèji (Energy Affordability Program, EAP) a ki pral elimine bòdwo sèvis piblik ki poko peye ki te akimile jiska 1 me 2022. Pwogram nan otorize menm soulajman an tou pou nenpòt kliyan ki gen revni ba ki elijib ki enskri nan EAP jiska 31 desanm 2022.

"Mwen kontan anonse pi gwo pwogram asistans finansye pou sèvis piblik pou moun ki gen revni ba nan istwa eta a ap lanse lendi 1 out - k ap make yon gwo etap an avan nan efò kontinyèl eta a ap fè pou ede Nouyòkè yo kenbe sèvis piblik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Okenn Nouyòkè pa ta dwe gen limyè yo ak èkondisyone yo ki fèmen akòz pwoblèm finansye pandemi an te lakòz. Mwen bat bravo pou Lejislati Eta a pou patenarya yo a pou afekte 250 milyon dola pou redui fado aryere sèvis piblik yo, ki pral enpòtan pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo kenbe sèvis piblik yo, sitou pandan mwa ete ki cho sa yo".

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Depatman Sèvis Piblik, branch pèsònèl PSC a, te travay avèk pi gwo konpayi sèvis piblik yo nan Eta a pou kredite kont kliyan yo. Pandemi COVID-19 la te lakòz gwo difikilte finansye pou Nouyòkè yo, sitou pou konsomatè ki gen revni ba yo. Depi mas 2020, kantite kliyan ki gen plis pase 60 jou reta nan peman sèvis elektrisite ak gaz yo (sa vle di, kòm aryere) ak kantite total dola aryere yo te ogmante nan nivo san parèy. Yo prevwa ke kredi pou kliyan ki gen revni ba yo pral afiche sou kont kliyan yo apati 1 out 2022 epi konsomatè yo ka espere wè

kredi a nan pwochen sik bòdwo yo. Pifò kliyan gwo konpayi elektrisite ak gaz yo ki gen revni ba pral resevwa kredi sou bòdwo mwa out yo.

Pandemi COVID-19 la te lakòz gwo difikilte finansye pou kliyan ki gen revni ba epi li te lakòz fèmti biznis yo ak pèt travay toupatou. Kantite kliyan ki gen bòdwo sèvis piblik ki poko peye ak kantite total dola bòdwo sèvis piblik ki poko peye yo te ogmante yon fason konsiderab depi kòmansman pandemi an nan mwa mas 2020, epi pwogram kredi sou bòdwo sa a bay soulajman finansye kliyan rezidansyèl ki pi vilnerab yo pou ede yo evite gen sèvis piblik yo ki koupe poutèt yo pa peye. Plis pase 327,000 fanmi New York ki gen revni fèb pral benefisye dirèkteman nan pwogram nan.

Dapre pwogram kredi sou bòdwo a, tout asistans Eta a ki disponib pou asistans sou bòdwo sèvis piblik yo pral kowòdone pou asire kontribiyab yo jwenn benefis maksimòm ak pou evite double efò yo. Sa gen ladan soulajman ki disponib pou kliyan ki gen revni ba yo nan Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a pou diminye bòdwo sèvis piblik ki poko peye yo, estime nan 100 milyon dola, ansanm ak 250 milyon dola nan afektasyon bidjè Eta New York la ki te ale jwenn konpayi sèvis piblik yo pou elimine bòdwo sèvis piblik ki poko peye ki gen rapò ak pandemi an pou fanmi ki gen revni ba yo. Aksyonè sèvis piblik yo te bay plis pase 36 milyon dola nan kontribisyon pou benefisye kontribiyab yo. Yo estime pwogram kredi sou bòdwo yo ap koute kontribiyab prensipal sèvis piblik yo 181 milyon dola apre yo fin repati pati yo nan afektasyon bidjè a, epi yo aplike kredi kliyan ak kontribisyon aksyonè ki diminye pri pwogram lan.

Kredi sou bòdwo sèvis piblik inik sa a, ki pral aplike nan bòdwo kliyan ke sèvis piblik yo afekte, pa egzije okenn aksyon kote kliyan ki egziste deja ki gen revni ba ki enskri nan EAP pou resevwa benefis la. PSEG Long Island ak sèvis piblik minisipal yo te atribye 10.4 milyon dola nan 250 milyon dola ki te afekte nan bidjè a pou yo itilize pou pwogram kredi sou bòdwo pou kliyan ki gen revni ba yo. PSC prevwa yon pwopozisyon gwoup konsomatè yo ak pati ki konsène yo alavni pou abòde gwo ogmantasyon nan bòdwo kouran ak gaz ki poko peye pou kliyan rezidansyèl ak non-rezidansyèl ke pandemi COVID-19 la te lakòz.

Kòm yon pati nan travay jeneral pou redui bòdwo kouran ak gaz ki poko peye, Gouvènè Hochul te fèk lanse yon nouvo inisyativ ant OTDA ak gwo sèvis piblik yo pou idantifye plis fanmi ki gen revni ba pou enskri nan pwogram EAP a, ki bay rabè nan bòdwo sèvis piblik yo ki ekonomize fanmi k ap patisipe yo plizyè santèn dola pa ane nan depans sèvis piblik yo.

Nenpòt kliyan ki fèk elijib ki gen revni ba ki enskri nan EAP jiska 31 desanm 2022 pral enkli nan pwogram kredi sou bòdwo a.

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare,** "Gouvènè Hochul te fèm nan efò li pou ede konsomatè yo. Pou adrese pwoblèm k ap grandi sa a, PSC te apwouve mezi pou ranfòse ak amelyore pwogram aksesibilite sèvis piblik yo

nan enèji pou diminye fado enèji konsomatè yo epi adrese bezwen kliyan ki gen revni ba yo".

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,**

"Gouvènè Hochul te fè li yon priyorite pou bay fanmi ki gen difikilte yo asistans yo bezwen pou adrese difikilte ke enpak ekonomik pandemi an te lakòz. Nou fyè pou nou fè patenarya nan efò sa a pou ede peye aryere pou sèvis piblik plizyè dizèn milye konpatiyòt Nouyòkè nou yo epi asire ke plis fanmi ki gen revni ba gen aksè nan rabè pi devan atravè Pwogram Aksesibilite nan Enèji a".

**Senatè Eta Roxanne Persaud, te deklare,** "Anpil nan kontribiyab New York ki gen enèji kòm yo fado pral pran yon souf lè kont sèvis piblik yo reflekte asistans sa a ke yo t ap tann anpil. Mwen byen kontan ke 250 milyon dola nou te mete nan bidjè ane sa a te kapab pote soulajman adisyonèl pou konsomatè yo ki fè fas ak entèripsyon ak rekouvreman yo".

**Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare,** "Pèt travay pandan pandemi COVID-19 ki te ki te vini apre enflasyon k ap grandi a te lakòz anpil fanmi atravè Eta New York santi yo esstrès finansyèman. Pandan bidjè ane sa a, nou te bay priyorite ak alokasyon plizyè santèn milyon nan finansman pou ede fanmi yo peye aryere sèvis piblik yo epi retounen sou pye yo. Peman sa yo pral byento fèt epi mwen kontan ke fanmi yo pral finalman kòmanse santi yon ti soulajman nan semèn k ap vini yo. Avèk pwogram sa a, plis pase 327,000 fanmi ki gen revni ba pral wè aryere sèvis piblik yo redui oswa elimine, sa ki pral retire yon gwo fado finansye".

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)